

Onè pou ou Paran/ Responsab Legal Brendan,

Rapò sa a se yon rezime pou montre kijan Brendan te travay nan Egzamen Matematik nan Pwogram Egzamen Eta New York ki te fèt nan prentan 2022. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan pitit ou te travay; **men, nòt sa a pa montre tout sa Brendan konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezilta Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane rive nan 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay epi nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Brendan oswa dosye akademik pèmanan li.**

TRADIKSYON




<http://www.nysed.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-score-report-and-understanding-report-samples>

NÒT
BRENDAN
ANE SA A

643
NIVO 4

NIVO PÈFÒMANS



NIVO 4

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, maton anpil nan estanda akademik yo pou klas yo ye a.

NIVO 3

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, konpetan nan estanda yo pou klas yo ye a.

NIVO 2


Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, konpetan an pati nan estanda yo pou klas yo ye a.

NIVO 1

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, pa konpetan menm nan estanda yo pou klas yo ye a.

BRENDAN TE SATISFÈ NÒM ETA A


Nòm Aprantisaj Eta Nouyòk pou Matematik dekri kisa Brendan sipoze konnen ak kapab fè nan chak klas. Seksyon sa a montre kantite pwen Brendan resevwa pou kesyon ki mezire twa domèn estanda ki gen pi plis enpòtans nan klas sa a.



OPERASYON AK PANSE ALJEBRIK

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:


- sèvi ak kat operasyon yo—adisyon, soustraksyon, multiplikasyon, ak divizyon—pou rezoud pwoblèm, sa gen ladan pwoblèm sou fòm tèks ki gen plizyè etap;
- rezoud pwoblèm gras a desen ak ekwasyon avèk senbòl pou kantite enkonni an;
- entèprete rès;
- faktorize nonm antye ant 1–100;
- jenere seri nonm oswa fòm k ap suiv yon sèten règ.



NONM AK OPERASYON NAN BAZ DIS

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- jeneralize sa yo konprann sou valè pozisyon an pou nonm antye ki gen plizyè chif, epi rekonèt nan yon nonm antye ki gen plizyè chif chak chif ki nan yon plas reprezante dis fwa sa li reprezante nan plas ki adwat li an;
- li ak ekri nonm antye ki gen plizyè chif gras a chif nan baz dis, non nonm yo, ak fòm agrandi;
- sèvi ak konpreyansyon yo sou valè pozisyon pou awondi nonm antye ki gen plizyè chif a nenpòt ki pozisyon.



NONM AK OPERASYON - FRAKSYON

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- jwenn fraksyon ekivalan epi konpare fraksyon ki gen menm denominatè ak denominatè diferan;
- adisyone ak soustrè fraksyon ak nonm miks, multipliyè yon fraksyon pa yon nonm antye, epi multipliyè yon fraksyon pa yon lòt fraksyon;
- rezoud pwoblèm sou fòm tèks ki gen fraksyon ladan yo.

Tanpri sonje elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Adaptasyon Seksyon 504 (Plan 504) ki endike pou yo li egzamen yo awotvwa ta dwe resevwa aranjman pou egzamen sa a, dapre endikasyon espesyal ki nan IEP an/Plan 504 la.

KORE REYISIT BRENDAN

Kontakte pwofesè Brendan epi mande li ki domèn ki pi difisil pou Brendan.

Mande lekòl la kijan ou pral resevwa rapò sou pwogrè Brendan regilyèman.

Si sa nesèsè, mande sèvis sipò pou elèv tankou sèvis konsèy ak sèvis oryantasyon eskolè pou yo kapab ede Brendan reyisi pi byen.

Gade travay Brendan fè nan klas la ak devwa li fè lakay ansanm ak li pou wè kijan Brendan ap fè pwogrè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, sou estanda Eta New York yo, ak fason ou kapab ede Brendan, ale nan: <http://www.nysed.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-tests>